

Ransèyman enpòtan sou swen lasante, lojman, sèvis sosyal ak ledikasyon pou tout sitwayènn ak sitwayen kanadyen ki fèk sòti Ayiti

Ontario gen sèvis ak èd pou tout sitwayen kanadyen, pou rezidan pèmanan ki tounen Ontario nan moman di sa-a. Tout moun sa yo kapab byen vit mande sèvis pou lasante, ledikasyon ak kote pou yo viv.

Gouvènman Ontario gen yon telefòn espesyal pou tout Kanadyen ki sot Ayiti. Yap jwenn enfòmasyon sou swen sante, kote pou rete, sèvis sosyal ak lekòl. Nap jwenn sèvis sa-a yo nan plizyè lang : angle, franse ak kreyòl. Telefòn nan disponib de 8 èdmi a 5 èdmi lèdi jiska vandredi.

Tan pri rele gratis nan nimewo sa-a : 1 866 614 5951 pou ransèyman ak èd nou bezwen pou :

Jwenn kote pou rete ak pou sèvis sosyal :

- Jwenn yon kote pou'n rete
- Mete ti moun nou lekòl
- Jwenn yon dyòb
- Ki jan pou'n pwofite de sèvis gouvènman nan tout pwovens Ontario
- Ede'n ranpli demand pou nou jwenn lajan pou you ti tan

Swen sante :

- Adrès Sant Sante kominotè ki pi pre nou
- Adrès Lopital pi pre ki gen sèvis dijans
- Si nou gen dwa pou asirans-sante
- Adrès biwo asirans-sante ki pi pré

Sitwayen kanadyen ak rezidan pèmanan ki vini Ontario dwe genyen yon kat asirans-sante Ontario valid. Si kat-la pa valid, fò yo fè demand pou yon lot kat prese prese.

Kanadyen ak rezidan pèmanan ki sot Ayiti pou vini Ontario pap bezwen tann 3 mwa pou kat-la. Politik-sa ap

rete jis lò evakyasyon-an fini.

Pou pwoblèm sante ki pa prese prese pa ezite rele yon enfimie ou yon enfimiè nan nimewo Télésanté Ontario; **1 866 797-0000**. Nap jwenn sèvis an franse, an angle 7 jou sou 7, 24 èdmi sou 24.

Edikasyon:

Pou tout sa ki konsène ledikasyon, tan pri telefone Ministè Edikasyon lan nimewo sa-a : **1 800 387-5514**. Yo ofri sèvis sa-a depi 8 èdmi a 30 jiska 5 èdmi laprè midi. Pa blie yo fèmen samdi, dimanch ak jou fèt. Sèvis-la an franse ou an angle. Sèvis la fèmen nan weeken ak jou fèt.



Men lòt jan nou kapab jewnn èd :

Nap jwenn tout ransèyman nou bezwen nan 211 ou nan 416 397-4636 pou tout zòn Toronto. Se yon sèvis ki pèmèt nou jewnn enfòmasyon ak èd pou anpil sèvis kominote-a ak gouvènman bay nan zòn Toronto sitou pou lasante.

Men « site web » kap ban ou bon jan ransèyman :

<http://www.ontarioimmigration.ca/index.asp>
[http:// www.settlement.org/](http://www.settlement.org/) ou www.establishment.org
<http://www.211toronto.ca/fr/index.jsp>

Nou kapab jwenn èd ak sèvis nan òganis sa yo :

Ottawa

Sant katolik pou imigran Ottawa
219, avenue Argyle
Ottawa (Ontario) K2P 2H4
Tél. : 613 232-9634

Òganis kominotè pou imigran Ottawa
959, rue Wellington Ouest
Ottawa (Ontario) K1Y 2X5
Tél. : 613 725-0202

Konsej ekonomik e sosyal Ottawa-Carleton
641, chemin Montréal, 2e étage
Ottawa (Ontario) K1K 0T4
Tél. : 613 258-1343

Toronto

Sant frankofòn Toronto
22, rue College, rez-de-chaussée
Toronto (Ontario) M5G 1K2
Tél. : 416 922-2672

Hamilton

Òganis pou sèvis integrasyon e adaptasyon
LIUNA Station
360, rue James Nord
Hall inférieur (Etaj amba)
Hamilton (Ontario) L8L 1H5
Tél. : 905 667-7476
Sèvis telefòn dyjans 24 è – 905 928-2487

Zòn Niagara

Konsèy patrimwann e sant miltikiltirel Welland
26, rue Main Est
Welland (Ontario) L3B 3W3
Tél. : 905 732-5337

Sant miltikiltirèl Fort Erie
52, rue Jarvis
Fort Erie (Ontario) L2A 2S4
Tél. : 905 871-3641

Windsor

Konsèy miltikiltirèl Windsor ak comté Essex
245, avenue Janette
Windsor (Ontario) N9A 4Z2
Tél. : 519 255-1127

Kesyon nou kapab pose

Swen sante

K. Kouman poum fè kònen si kat Sante Ontario-m nan bon toujou?

Rele INFO sèvis Ontario nan nimewo sa-a :

1 866 614-5951 lendi jiska vandredi depi 8 è edmi di matin a 5 è laprè midi.

K. Sa pou'n fè si kat-la pa bon ankò?

Fòk ou chache gen you lòt kat. Pou sa, ale nan biwo asirans-sante pi pre-a – sèvis kat sante Ontario.

Si nou bezwen plis ransèyman sou ki bò na jwen'n biwo asirans-sante ou sou ki kondisyon yap banou you lòt kat, tan pri rele INFO nan nimewo sa-a :

1-866-614-5951 ou konsilte site web nan adrès : www.health.gov.on.ca

K. Si kat Sante Ontario-m-nan bon toujou, sa pou'm fè sim bezwen swen sante?

Si ou bezwen swen prese prese, ale nan youn sal dijans lopital. Ale wè medsen famiy ou ale nan youn Sant Sante Kominotè. Rele Télésanté Ontario nan nimewo sa-a : **1 866 797-0000**

K. Sa ki pase si kat Sante Ontario'm nan pas bon ankò alò ke mwen bezwen swen prese prese?

Depi ou kwè ou si yo di-w ke eta-w nesosite swen prese prese, ale san pèdi tan nan nenpòt sal dijans. Yo pap refise trete-w. Ale nan youn Sant Sante Kominotè. Rele Télésanté Ontario nan nimewo sa-a : **1 866 797-0000**.

K. Sa yo rele Télésanté Ontario wa?

Se youn sèvis telefòn kap travay tout tan. Nou kapab rele-l gratis, an tout konfians, pou nou jwen'n bon jan konsèy ak enfòmasyon sou la sante enfimiè diplome,

ap banou.

Sa vle di ke san pèdi tan e fasilman nap kapab rankontre youn pwofèsyonèl sante kalifie kap evalye sentòm ou ede-w deside sak pi bon pou ou. Se moun sa-a ka deside si ou kapab trete tèt ou, si ou dwe ale wè youn doktè, ale nan youn klinik, kominike avek youn sèvis kominotè ou ale nan you sal dijans.

K. Ki sa ki Sant Sante kominotè?

Sant sante kominotè yo se òganisasyon ki fèt avek youn ekip ki gen moun sa-a yo : medsen, enfimiè pratisyènn, enfimie pratisyen, enfimiè ak enfimie, konseyè ak konseye, travayez ak travayè kominotè, ak dyetetis.

Pou plis enfòmasyon, ale nan sit web Ministè sante ak swen long dire nan adrès sa-a : www.health.gov.on.ca ou ale nan biwo asirans-sante - sèvis kat sante sèvis Ontario, biwo ki pi pre-a.

K. Tout moun ki fèk antre Ontario dwe tann twa mwa pou-l ranpli kondisyon yo ekzije avan li jwenn sèvis medikal asirans-sante Ontario. Plizyè moun yo evakye d'Ayiti bezwen swen sante pou sa yo sibi anba tranbleman tè ya. Eske yo oblije tann tout tan sa-a?

Tout sitwayen kanadyen ak rezidan pèmanan ki evakye d'Ayiti pou vin an Ontario pap tann period twa mwa sa-a.

Rele **1 866 614-5951** pou ransèyman sou :

- Adrès sant sante kominotè ki pi pre-a,
- Adrès lopital pi pre-a ki gen sèvis dijans,
- Si nou gen dwa pou asirans-sante,
- Adrès biwo asirans-sante pi pre-a.

Sèvis sosyal

Q. Mewnmenm ak fanmi-m fèk soti an Ayiti pou vin an Ontario. Nou pa gen lajan, nou pa gen kote pou'n rete.

Pwogram « Ontario ap Travay » ap banou kòb pou you ti tan e lap ede moun ki gen pwoblem lajan jwenn travay. Nou kapab kominike avek Pwogram « Ontario ap Travay » pa telefòn ou ale noumenm nan biwo pwogram « Ontario ap Travay » ki pi pre-a.

Gouvènman Ontario mete sou pie pou tout moun ki evakye Ayiti yon telefòn gratis : **1 866 614-5951**. Nimewo sa-a ap pèmet nou jwenn biwo Pwogram « Ontario ap Travay » ki pi pre-a. Moun ki pa pale angle ap jwenn sèvis tradiksyon.

Nou pa bezwen gen yon adres fiks pou'n fè you demand nan Pwogram « Ontario ap Travay ». Nou konsidere moun ki pa gen adres fiks konmsi yo se rezidan nan rejyon kote yo fè demand yo-a.

Biwo lokal pwogram « Ontario ap Travay » kapab fè moun ki pa gen kote pou rete jwenn yon refij nan zòn la. Direktè refij la ap banou lajan ak sèvis. Anplis, si nou admisib, Pwogram « Ontario ap Travay » ape ede nou jwenn yon ti kob ak youn dyob.

Dèke youn moun ou youn fammi ki gen dwa a Pwogram « Ontario ap Travay » jwenn yon kote pou-l rete, pwogram-la kap ede-l peye depans pou'l instale-l nan nouvo kay-la. (Kouwè depo pou loye, depans pou meb, elatrye)

Si nou bezwen èd pou jwenn biwo lokal pwogram « Ontario ap Travay » konsilte sit web ministè sèvis sosyal e kominotè nan adres sa-a : www.mcss.gov.on.ca verifye èd sosyal nan paj akèy-la.

K. Ki kantite tan sa pran pou fè youn demand, ki sa pou youn moun fè pou gen lajan pandan laptann nan?

Pou ou gen dwa èd nan Pwogram « Ontario ap Travay » fò biwo-a konen sityasyon ki moun ou ye ak konbyen kòb ou genyen, avek : kote ou rete an Ontario, ki stati ou nan Kanada (ex : touris, rezidan, sitoyin) lag, kob ou genyen, patisipasyon ou nan aktivite nan èd travay.

Biwo-a kapab bay èd dijans pandan moun-yo ap tann you etidye ka yo.

K. Ki dokiman mwen bezwen pou fè ou demand èd lajan? Sak pase si mwen pa gen papye sa yo?

Pou fè demand èd lajan nan pwogram Ontario ap Travay, moun ki fè demand oblije montre dokiman sa yo :

- Nimewo asistans sosyal
- Prèv ki moun ou ye ak dat ou fèt
- Ki travay ou tap fè, explike nan ki branch
- Ki kantite lajan ou fè, ki kantite ou met sou kote
- Papye resi kay ou lwe (si ou lwe kay)
- Prev stati ou nan Kanada (ex : sètifika sitwayen kanadyen, dokiman demand stati refijie, pèmi sejou pou youn ti tan, elatrye).

Biwo pwogram Ontario ap travay pare pou ede moun pandan yap fè dokiman. Amplwaye yo kapab “kool” si tout dokiman yo pa la lô se moun ki soti Ayiti.

K. Eske Pwogram Ontario ap Travay eksije mwen chache travay?

Ontario ap Travay pare pou okipe moun ki mande èd si yo fè prev yo vle travay.

Biwo-a ka voye pou pi lwen patisipasyon an si moun nan ansent ak si li blese.

Moun ou fanmi moun ki fèk soti Ayiti, premiè aktivite se rive jwen kay pou pi alèz.

K. Si mwen enfim, si mwen pa kapab fè aktivite pou jwenn travay, eske biwo-a ap koupe èd mwen nan Pwogram Ontario ap Travay?

Moun ki enfim gen dwa mande èd nan pwogram moun enfim. Rele gratis nan telefòn prese ki pou moun ki soti Ayiti brid sou kou se: **1 866 614-5951**. Responsab nan telefon sa-a ap voye moun nan youn kote pipre lakay li.

Pou plis detay monte odinatè sou sit web ministè Sevis Sosyal ak kominotè sou: www.mcss.gov.on.ca aprè siv konektyon « èd sosyal » (Aide sociale) sou paj akèy.

K. Pitit mwen enfim, ki kote ma jwenn èd pou li?

Moun ki mande èd lajan kapab jwenn ou ti lajan an plis nan pwogram Ontario yo rele Ed Pou Ti Moun Enfim Grav. Se yon jan pou ede okipe ti enfim nan.

Moun yo met mande èd sa-a lò yap fè demand lajan nan biwo pwogram Ontario ap Travay ki pipre lakay yo.

K. Eske fòm remet èd lajan ke mwen jwenn nan?

Kanadyen, fi kou gason, ki kite Ayiti e ki pa kapab met men sou lajan ki pou yo, Ontario ap Travay ap permet yo jwen èd la. Sitwayen Kanadyen sa yo ap siyen papyè pou rekonet yap remet kob la lè labank Ayiti debloke.

Edikasyon

K. Si mwen gen pitit ki al lekòl sa map fè?

Ontario fè antant ak tout kalité lekòl, lekòl piblik ak lekòl bileng franse ak angle. Pou jwenn ki mod lekòl yo bay nan zòn ou rete, tan pri kominike ak sèvis ransèyman ministè edikasyon nan **1 800 387 5514** pou gen plis explikasyon.

K. Mwen bezwen plis ransèyman.

Map jwenn repons kesyon sou edyasyon nan nimewo minister-a: **1 800 387-5514**. Yo bay sèvis franse ak angle lendi pou rive vandredi 8 e 30 le maten jis 5 e nan apremidi. Sèvis la fèmen nan weeken ak jou fèt.

